# DENE TÁRBIYA OQÍTÍWSHÍLARÍN PEDAGOG SÍPATÍNDA QÁLIPLESTIRIW JOLLARÍ

**Maxmud Utepov Dawrxanovich,**
*oqıtıwshı stajyor*
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*
maxmudutepov2@gmail.com

***Annotaciya:*** *Bul jumıstıń maqseti dene tárbiyası oqıtıwshılarınıń pedagog sıpatında qáliplestiriw jolların úyreniw bolıp tabıladı. Bul mashqalanıń aktuallıǵı sonda, dene tárbiyası densawlıq ushın áhmiyeti joqarı bolıp esaplanadı. Turaqlı fizikalıq aktivlik fizikalıq sapalardı rawajlandırıwǵa járdem beredi, dem alıwǵa járdem beriwshi bulshıq etlerdiń kúshi hám shıdamlıǵın asırıwǵa járdem beredi.*

*Úzliksiz kásiplik bilimlendiriw sistemasında hár tárepleme rawajlanǵan, ruwxıy jaqtan bay, sociallıq jaqtan joqarı, intellektual - dóretiwshilik, kásiplik - kreativ iskerliktegi shaxstıń qáliplesiwi názerde tutıladı. Tiykarınan, dene mádeniyatı, dene tárbiyanı qáliplestiriwde bay mádeniy miyrasqa múráját etiwi názerde tutıladı.*

***Tayanısh túsinikler:*** *dene tárbiya, pedagog, fizikalıq rawajlanıw, sport, kásiplik mádeniyat.*

Búgingi kúnde Ózbekstan Respublikasında bilimlendiriw tarawındağı áhmiyetli wazıypalardan biri, bul tálim alıwshılardıń fizikalıq imkaniyatların ashıp beriw hám olardı fizikalıq jaqtan rawajlandırıw bolıp tabıladı. Bunıń ushın bolsa bekkem tiykarlanǵan bilimlerdi qáliplestiriw zárúr. Sebebi, dene mádeniyatı - bul shaxstıń áhmiyetli ózgeshelikleri hám sapa kórsetkishlerin rawajlandırıwdıń kúshli faktorı esaplanadı.

Bul ideya ulıwma xalıqaralıq derekler hám milliy-tariyxıy negizlerge iye: ol folklor, xalıq pedagogikası, Shıǵıs oyshılları shıǵarmalarında, házirgi zaman pedagogikasında da óz kórinisin tapqan. Mámleketimizde jaslardı XXI ásirge tolıq juwap beretuǵın, hár tárepleme jetik, salamat hám náwqiran insan etip tárbiyalaw aktual wazıypalardan biri bolıp tabıladı [1].

Tálim alıwshılarda ruwxıy hám fizikalıq tárbiyanı rawajlandırıw mashqalası házirgi zaman bilimlendiriw sistemasında úlken áhmiyetke iye. Shaxs faktorına mámleket kólemindegi áhmiyetli másele sıpatında qaralmaqta.

Jańa Ózbekstanda salamat áwlad - húkimettiń tiykarǵı ǵamxorlıǵında: student-jaslarda dene mádeniyatın qáliplestiriw jas qánigelerdiń dene tárbiyası boyınsha ilajlar "mámleket siyasatı dárejesine" kóterilgen.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoyevtiń shıǵarmaları hám bayanatlarında jas áwladtıń den sawlıǵına, sol sıyaqlı, qániygeler menen alıp barılatuǵın ruwxıy-aǵartıwshılıq islerinde, álbette, kásiplik pedagogikalıq qatnastıń joqarı dárejede bolıwına (iskerliktiń oqıtıwdan tısqarı formaları, joqarı

texnologiyalar, innovacion texnologiyalar hám innovacion birlesiw, oqıtıwdıń eń jańa usılları hám derekleri ústemligin kúsheyttiriw menen) itibarın asırıw zárúrligine túrtki berilmekte [4]. Ózbekstan Respublikası Kadrlar tayarlaw milliy dástúrinde bilimlendiriw mákemeleri oqıwshılarınıń salamatlıǵın saqlaw, bekkemlew hám olardıń fizikalıq rawajlanıwı ushın barlıq shárayatlar jaratılıwı kerek ekenligi kórsetilgen [2]. Ózbekstan Respublikası “Bilimlendiriw haqqında” ǵı nızamında oqıwshı (student) lardıń fizikalıq imkaniyatların rawajlandırıw, dene mádeniyatı tiykarların qáliplestiriw haqqında aytıladı [3]. Dene mádeniyatı boyınsha zamanagóy “Mámleketlik bilimlendiriw standartı” (Bazalıq tálim) tálim alıwshılar (oqıwshı, student) dan tek ǵana, dene mádeniyatı haqqındaǵı tariyxıy teoriyalıq bilimler, olardı durıs talıqlaw emes, bálkim dene mádeniyatı hám sport tarawınıń etika - estetikasın biliwdi talap etedi.

Fizikalıq jaqtan ózin-ózi jetilistiriw motivleri hám zárúrliklerin qáliplestiriw hám rawajlandırıwda dene mádeniyatı hám ásirese sport tarawındaǵı estetikaǵa itibar beriw júda áhmiyetli esaplanadı. Bunda kadrlar tayarlaw milliy dástúri kepil bolıp xızmet etedi.

**Moduldiń tiykarǵı komponentleri sıpatında tómendegiler kórsetilgen:** shaxs - subekt hám obyekt sıpatında; mámleket hám jámiyet - kadrlar tayarlawdıń kepilleri sıpatında; úzliksiz tálim - tájiriybeli kadrlar tayarlawdıń negizi sıpatında; pán - joqarı tájiriybeli kadrlar, qánigelerdi islep shıǵarıwshı hám tutınıwshı sıpatında, sonday-aq, joqarı texnologiyalar, olardan, informaciyalıq texnologiyalardıń islep shıǵarıwshısı sıpatında; islep shıǵarıw - sapalı tayarlanǵan kadrlar buyırtpashısı sıpatında [5].

Úzliksiz kásiplik (pedagogikalıq) bilimlendiriw sistemasında hár tárepleme rawajlanǵan, ruwxıy jaqtan bay, sociallıq jaqtan joqarı, intellektual - dóretiwshilik, kásiplik - kreativ, kommunikativ iskerliktegi shaxstıń qáliplesiwi názerde tutılmaqta. Tiykarınan, dene mádeniyatı, dene tárbiyanı qáliplestiriwde bay mádeniy miyrasqa múráját etiw názerde tutıladı. Búgingi kúndegi jas kadrlar - jaslardı oqıtıw, tárbiyalaw hám qáliplestiriwge juwapker shaxs - kadrlardıń kommunikativ sıpatları joqarı esaplanbaqta. Búgingi kúnde, sonday-aq, kommunikabellik, kommunikativ baylanıs, birgelikte, tolıq nátiyjeli, pikirlerdiń sáykesligi menen is júritiwge sociallıq rawajlanıwdıń áhmiyetli faktorı sıpatında qaralmaqta. Solay etip, mámleket siyasatında bolajaq pedagogikalıq kadrlardıń kommunikativ kompetenciyası, olardıń kásiplik -komunikativ mádeniyatına ayrıqsha itibar berilmekte.

Házirgi zaman pedagogikalıq tálimde kásiplik mádeniyatqa jańa qádiryat sıpatında áhmiyet berilmekte. Bunda tómendegilerge itibar qaratıw lazım:

–Kadrlar tayarlaw milliy dástúriniń konceptual-bilimlendiriw baǵdarları, maqsetleri hám wazıypaların esapqa alıw;

–Jańa dástúr, sabaqlıqlar, oqıw-qollanbalar, usınıslardı jaratıw, jańalaw, modernizaciyalaw;

–Ilimiy-pedagogikalıq sistemada ilimiy jaqtan tiykarlanǵan sistemalı-mazmunlı tiykarda pedagogikalıq mádeniyattı qáliplestiriw [6].

Bunda sonı biliw hám este tutıw kerek, mámleketlik bilimlendiriw siyasatında házirgi zaman táliminiń tiykarǵı baǵdarı belgilengen, bul házirgi zaman gumanitar koncepciyası, bolajaq pedagog kadrlardı tayarlawdı qáliplestiriw bolıp esaplanadı. Eń dáslep, pedagogikalıq mádeniyat, ásirese, pedagogikalıq qarım-qatnas mádeniyatın qáliplestiriw bolıp tabıladı. Usı múnásibet penen tálim processinde bolajaq qánige shaxsı, onıń kásiplik - jeke tayarlıǵı, ásirese, intelektual-dóretiwshilik, ámeliy hám sociallıq-kommunikativlik, onıń kásiplik mádeniyatı-pedagogikalıq qarım-qatnasınıń joqarılıǵı haqqında kórsetilgen. Pedagogikalıq tálim aldında oqıtıwshılarda kommunikativ mádeniyattı qáliplestiriw arqalı olardı keleshektegi pedagogikalıq iskerlikke jáne de sapalı tayarlaw wazıypası turıptı.

Solay eken, bolajaq dene tárbiya oqıtıwshılarına joqarıdaǵı sıpatlardı qaliplestiriw talap etiledi.

**Ádebiyatlar:**

1. Eleusinov, S. A., Utepov, M. D., & Kaipnazarov, P. M. (2023). Dispatch of modern interactive methods in technical and tactical training of athletes. Экономика и социум, (3-1 (106)), [59-63:2023]
2. Kadrlarni tayyorlash Milliy dasturi. // Barkamol avlod – O‘zbekiston taraqqiyoti poydevoridir. /Asarlar to‘plami. – T.: Sharq, [32-61:1997]
3. O‘zbekiston Respublikasining “Ta’lim to‘g‘risida” gi Qonuni. // Barkamol avlod – O‘zbekiston taraqqiyoti poydevoridir. /Asarlar to‘plami. – T.: Sharq, [20-30:1997]
4. O‘zbekiston Respublikasi prezidenti Sh.Mirziyoyevning “Oliy Majlisga Murojatnomasi”. Xalq so‘zi 29-dekabr 2018 yil, [3:2018]
5. Исраилов Д. «Нравственная культура учителя» Тошкент. 2001 [67:2001]
6. Файззулина С.Х «Базовый критерий современной личности-свободное, критическое, самостоятельное, творческое мышление-Формирование интеллектуального, духовно-нравственного и физического потенциала учащихся общеобразовательной школы Республики Узбекистан на современном этапе» Учебно-методическое пособие для учителей и воспитателей – Под общ. Ред. д.п.н, проф Р.Х.Джураева; Отв. Ред. д.п.н., проф. В.И.Андриянова. – Ташкент, 2005 [16-34:2005]